



LELA NURLAELA, S.Pd.SD

KELAS V A
TAHUN PELAJARAN 2020 / 2021

PENILAIAN AKHIR TAHUN

NAMA LENGKAP



Mata Pelajaran : Bahasa Sunda

Nama Siswa

Waktu : 90 Menit

No. Induk

Baca pedaran di handap ieu!

Papais

Papais nyaeta hiji nami katuangan nu dijieun tina tipung beas. Adonan tipung dibungkus ku daun cau tuluy diseupan. Papais aya dua rupa, nyaeta papais nu asin aya oge papais nu semu amis. Papais asin mah biasana tara aya eusian, tapi papais nu teu amis teuing, mung semu amis mah di tengah-tengah papaisna aya potongan cau. Biasana mah cau nangka atawa cau sejenna ge sok dianggo. Terus ditempelan daun pandan saalit di tengahna, nu ngajadikeun seungit kana papaisna.

Papais sok disuguhkeun dina acara-acara raramean, sapertos hajat nikah, nyunatan, tahlilan, muludan, rajaban, jsb. Tapi sok aya oge anu jualan eta katuangan, umumna mah nu sok masih keneh ngadamelan eta papais teh ayana di pilemburan.

I. Jawab kalawan singkat!

1. Dijieun tina naon papais teh?
2. Dibungkus ku naon adonan tipung saencan diseupan?
3. Naon gunana potongan daun pandan di tengah papais?
4. Naon wae dua rupa papais?
5. Dimana biasana nu sok masih ngadamel papais?

II. Cakra (x) aksara A, B, C, atawa D di hareupeun jawaban nu bener!

6. Kawih Karatagan Pahlawan sanggiana
A. Mang Koko B. Ruhayat C. Ajip Rosidi D. Anonim
7. Tutuwuhan nutup alas bandawasa.
Alas bandawasa hartina
A. leuweung gede B. laut nu lega C. pamukiman warga D. ladang
8. Tanah lapang hareupeun kacamatan atawa kabupaten disebut
A. babakan B. babantar C. alun-alun D. talaga
9. Gaya basa anu mangrupikeun gaya basa omongan anu teu togmol atawa dibalibirkeun, nyaeta
A. lalandihan B. sindir C. moyok D. ngasor
10. Di handap ieu nu kaasup kalimah kaayaan, nyaeta
A. Emi meser gedang C. Tatangkalan hejo ngemploh
B. Dini ngarujuk buah D. Toni ulin di sawah
11. Nu teu kaasup unsur sajak di handap ieu, nyaeta
A. tema B. suasana C. nada D. musik
12. Harti denotatif sarua jeung
A. harti injeuman B. harti kiasan C. harti langsung D. harti sabenerna
13. Cau teh keur ... dina langsung.
A. diseupan B. dipeuyeum C. dibeuleum D. dipoe
14. Di handap ieu kalimah nu henteu mibanda rarangken ba-, nyaeta
A. Kapal pasiar teh geus balayar ka Lautan Pasifik
B. Budak teh keur bagilir nungguan bageanana maju
C. Kudu getol neangan duit sangkan teu balangsak
D. Basa baheula mah hirup teh meni resep
15. Nu kaasup parmasalahan lingkungan hirup, nyaeta
A. kesenjangan sosial B. pemanasan global C. pengangguran D. wabah penyakit
16. Kadaharan di handap ieu nu jadi ciri has wewengkon Bandung, nyaeta
A. Tauco B. Tahu gejrot C. Peuyeum D. Dodol
17. Perhatoskeun ngaran kadaharan di handap ieu!
(1) Combro
(2) Donat
(3) Bugis
(4) Katimus
(5) Putri noong
Dumasar kana ngaran kadaharan di luhur, anu dijieun tina sampeu, nyaeta
A. (1), (4), (5) B. (2), (3), (4) C. (1), (2), (3) D. (3), (4), (5)

18. Inuman has Sunda, nyaeta
 A. sirop B. bajigur C. teh manis D. kopi
19. Loba imah-imah di lembur anu teu boga listrik.
 Imah-imah dina kalimah di luhur ngandung kecap rajekan
 A. dwimadya B. dwipurna C. dwireka D. dwimurni
20. Conto kecap rajekan dwimadya, nyaeta
 A. Momobilan B. jalma-jalma C. luak-lieuk D. sapeupeuting

Baca carpon di handap ieu pikeun ngajawab partanyaan no 21-22

Jam satengah hiji ngadamel saung sarung teh nembe rengse. Dicobian teh caralik di lebet saung, muhun we raoseun. Sabage pembukaan, Abdi, Mamah, Bapa sareng Aa ngadon botram di dinya. Resep asa gaduh bumi alit.

Jam satengah tilu, di luar langit angkeub, terus pras-pris. Abdi ge nu tiluan enggal ka luar tina saung, teras tarurun. Gebret teh hujan kacida ageungna disarengan angin ngagelebug. Abdi ngaraos ketir sareng hariwang. Sieun bilih suhunan bumi kacandak angin nu kacida ageungna.

21. Ngadamel saung teh rengse jam
 A. satengah hiji B. hiji C. satengah tilu D. tilu
22. Nu henteu ngiringan botram di saung, nyaeta
 A. Mamah B. Bapa C. Teteu D. Aa
23. Dadan bagadang nepi ka subuh, atuh isuk-isukna jadi
 A. angin darat B. asup angin C. angin-anginan D. puhu angin
24. Oyagna bumi lantaran aya gunung bitu atawa parobahan nu hebat di jero bumi, nyaeta
 A. samagaha B. urug C. angin topan D. lini
25. Katiga sarua hartina jeung usum
 A. halodo B. hujan C. panen D. ngijih

III. Eusian titik-titik di handap ieu!

26. Gaya basa keur barang diupamakeun boga polah kawas jalma, nyaeta
27. Babasan **sugih mukti** hartina
28. Wa haji teh *ngeupeul* pisan, dipenta ge tara mere.
Ngeupeul dina kalimah di luhur hartina
29. Mangpaat tina rajin bebersih, nyaeta
30.  Kadaharan di gigir has Bandung, ngaranna nyaeta
31. Dodol nyaeta kadaharan has ti wewengkon
32. Kecap rajekan *kakawihan* asalna tina kecap
33. Angin badag tur pohara hebatna, nyaeta
34. Langit teh ... siga rek sabreg-bregeun hujan.
 Kecap nu merenah keur ngalengkepan titik-titik dina kalimah di luhur, nyaeta
35. Entong waka ... kakara ge cageur.
 Kecap nu merenah keur ngalengkepan titik-titik dina kalimah di luhur, nyaeta

IV. Jawab paréntah di handap ieu!

36. Jieun kalimah tina istilah geografi di handap ieu!
 a. lamping b. leuwi c. talaga
37. Jentrekeun ngeunaan lingkungan hirup!
38. Sebutkeun tilu kadaharan has ti wewengkon Bogor!
39. Carpon nyaeta karangan rekaan anu wangunna pondok sarta ngan ukur ngasongkeun hiji peristiwa.
 Salah sahiji unsur dina carpon nyaeta amanat. Naon anu dimaksud amanat dina hiji carpon?
40. Lengkepan carita pondok di handap ieu!

Gunung Bitu

Basa Gunung Galunggung bitu, lebu ngeprul kamana-mana, lain wae di wilayah Tasik, Ciamis, Garut, malah ka Bandung oge nepi. Dina kenteng keusik ngadaragleg kandel. Kitu deui dina dangdaunan jeung tatangkalan.....

Tina mumunggang gunung aya cai lahar anu palid ka walungan

